

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Sabada nganalisis tur niténan pamanggih-pamanggih nu nyampak jeung kapanggih dina hasil panalungtikan, dina ieu bab panyusun ngécéskeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus kapaluruh. Kacindekanana, nya éta saperti ieu di handap:

1. Upacara Sérén Taun, mangrupa salasihiji upacara tradisi anu nepi ka kiwari masih dilaksanakeun tur dipiara ku masarakat kelurahan Cigugur. Ieu upacara téh mangrupa cicirén jeung bukti tradisi masarakat tani Sunda dina ngébréhkeun rasa sukur salaku mahluk ciptaanNa. Sanajan dina kanyataanana, teu ngan ukur masarakat Cigugur wungkul nu biasa ngayakeun ieu upacara téh, saperti di Banten, Bogor, kampung Ciptarasa (Sukabumi). Aya hiji hal nu ngabédakeun upacara Sérén Taun di Cigugur, jeung upacara Sérén Taun di daérah séjén. Nya éta, upacara Sérén Taun di Cigugur mah dilaksanakeunana ku masarakat multi adat, jeung multi agama. Tina éta hal, katitén ayana rasa toléransi anu kuat antar masarakatna. Ku kituna kalumangsungan tina ieu upacara téh kudu dipertahankeun, boh dina waktu mapagna acara, boh nalika waktu lumangsungna upacara kudu disaluyukeun jeung ma'na tur tujuanana.

Ngaliwatan upacara Sérén Taun, bisa dipaluruh hal-hal nu sifatna filosofis. Éta hal téh nuduhkeun, yén ku ayana ieu upacara lain mangrupa hal nu teu mibanda harti, tapi ku ayana ieu tradisi téh mampuh ngahijikeun

sakumna masarakat nu béda nu diwadahan ku rupa-rupa kagiatan, ngahiji dina beungkeutan silaturahmi antar warga.

2. Prosési dilaksanakeunana upacara Sérén Taun, dikawitan tanggal 18 Rayagung anu dimimitian ku diayakeunana upacara ngajayak paré, ngajayak hartina mapag jeung narima welas asih Gusti Nu Maha Suci. Dina upacara ngajayak paré tanggal 18 Rayagung, teu sakabéh paré diangkut. Nu sawaréhna deui bakal dijayak dina tanggal 22 Rayagung, mangrupa bubuka dina puncak acara. Lian ti éta ogé, ngalaksanakeun heula sababaraha kagiatan sakral, saperti miceun hama, ngagugahkeun rasa ‘babarengan’, ngarérémakeun, jeung ibing Pwah Aci. Dina ngajayak paré, jeung nyiapkeun beubeutian/binih (ngala buah beuti), saméméh diala leuwih ti heula kudu sasadu, jadi teu asal ngala kitu waé. Nu satuluyna éta buah beuti, jeung paré téh dijajap pikeun diteundeun di hiji tempat ku ngaliwatan heula hiji upacara. Diteruskeun upacara ngajayak paré dina tanggal 22 Rayagung, salaku bubuka dina puncak acara.

Ditabeuhna gamelan goong rénténg mangrupa tanda yén upacara dikawitan, prosési ti unggal madhab (opat madhab, nya éta kulon, wétan, kalér, jeung kidul) mimiti maju ngajujuk tempat upacara, nya éta di hareupeun gedung Paséban Tri Panca Tunggal. Di unggal barisan ti masing-masing madhab téh, dipirig ku goong rénténg, jeung angklung buncis/réog sacara *instrumental* diadumaniskeun jeung beluk. Kalayan formasi barisan: panghareupna (lulugu) dua wanoja mawa paré, bungbuahan, jeung beubeutian dituturkeun ku nonoman mawa payung

janur tilu umpak; sabelas wanoja mawa binih paré, dipayungan ku sabelas nonoman; rombongan ibu-ibu nyuhun paré; rombongan bapa-bapa nanggung paré maké rengkong jeung awi golondongan; jeung rombongan atraksi kasenian angklung buncis jeung réog.

Sabada nepi di tempat upacara, goong rénténg jeung pirigan prosési eureun, dituluykeun ku kacapi suling nu mirig ibing buyung. Sanggeus réngsé ibing buyung, dituluykeun ku atraksi angklung buncis. Sesepuh dayeuh (para pajabat), sarta para ondangan arasup ka Pancaniti pikeun ngaluhan acara nu dimimitian ku biantara pamapag, ngadu'a ku tokoh rohaniwan tina sababaraha agama. Diturkeun ku barisan nu mawa paré, di dinya gamelan ditabeuh. Nalika rombongan nu mawa paré ti opat madhab téa asup ka rohangan upacara, diturkeun ku opat urang sesepuh wawakil ti opat madhab. Salasaurang wawakil ti opat madhab nepikeun ikrar sérén taun. Sanggeus nepikeun ikrar sérén taun, lagu Goléwang (Anggana Sekar) dihaleuangkeun mangrupa latar paming (back sound) ucap pangraja, nu dibawakeun ku salasaurang sesepuh.

Réngsé ucap pangraja, diteruskeun ku rampak tembang Babarit dina lagu Tunggul Kawung. Sawatara kitu, barisan nu mawa paré, jeung bungbuahan masrahkeun paré nu bakal ditutu, jeung paré keur binih ka pupuhu upacara jeung pupuhu dayeuh (pajabat), nu satuluyna dibikeun deui ka peserta keur dibawa ka saung lisung (tempat nutu paré).

Réngsé narima paré, aya masrahkeun halu ku sesepuh upacara ka sesepuh dayeuh, tuluy milu ka iring-iringan nu mawa paré pikeun

ngajugjug tempat nutu paré. Nalika mawa paré ka tempat nutu, dipirig ku lagu Balé Bandung.

Iring-iringan nu mawa paré téh dibagi dua, sabagian tina lulugu ka tempat *saung lisung indung*, pikeun para sesepuh dayeuh nu bakal ngamimitian nutu paré. Paré nu lianna dibawa ka saung lisung umum pikeun ditutu babarengan. Saméméh acara nutu paré, diayakeun heula Tutunggulan atawa Gondang, kalayan dipirig ku lagu Sisir Gunda.

Sanggeus rombongan pupuhu dayeuh jeung rohaniwan nepi di tempat nutu paré, lulugu ngulibengan lisung, ti dinya gamelan teu ditabeuh. Kitu ogé nu marawa paré, ngeureunkeun heula kagiatanana nepi ka kadéngé sora nutu nu munggaran. Saméméh nutu paré, sesepuh upacara ngolésan heula tungtung halu ku minyak seungit sarta nyabak tungtung halu tujuh kali ka luhur ka handap. Dina nu katujuhkalina, tungtung halu téh ditutukeun kana lisung. Nalika kadéngé sora nutu nu munggaran, langsung dituturkeun ku nu narutu séjén nepi ka réngséna. Béas tina hasil nutu téa, dibagi-bagikeun ka Badan Sosial, Usaha Kamanusaan saperti Yayasan Yatim Piatu, Lansia, jeung nu séjénna nu hak pikeun narimana.

3. Pakakas nu digunakeun dina ieu upacara, diantarana nya éta: lisung, halu, paré, bungbuahan, beubeutian, sasatoan, nyiru, janur, rancatan, dongdang, buyung, kendi, dadung, batik Réréng Kujang, kabaya toro, pangsi, iket, jrrd.
4. Ma'na jeung ajén éstétika nu nyampak dina ieu upacara, sabada ditiénan tétéla geuning dina ieu upacara téh euyeub ku simbol-simbol nu tangtuna

mibanda harti, sajaba ti ngan dilaksanakeunana wungkul. Dina ieu upacara nyampak sababaraha ajén, saperti ajén sosial budaya, ajén atikan, ajén agama, jeung ajén kasenian kaasup ajén éstétika. Upama nilik kana kasenian dina budaya spiritual, bisa katitén ku ayana kaéndahan (ajén éstétika). Dina ieu upacara ogé, lian ti mangrupa ébréhan rasa sukur masarakat tani Sunda kana naon anu geus ditarimana (mangrupa budaya spiritual), ogé éta hal téh nalika ngébréhkeunana, dibarengan ku ayana hal-hal nu éndah dina lumangsungna kagiatan tur dina pakakas-pakakas nu digunakeun. Ayana acara-acara kasenian dina éta upacara geus némbongkeun luhurna sikep warga Cigugur kana ngajénan warisan seni katut budaya titinggal karuhunna, di sagédéngkeun lumangsungna kaharmonisan antar warga nu dibarengan ku étika, jeung éstétika.

5. Upacara Sérén Taun, mangrupa salasihijina tina sajumlahing upacara-upacara adat Sunda séjénna nu aya di unggal daérah, di wewengkon Jawa Barat. Ku dilaksanakeunana ieu upacara, ngalahirkeun sababaraha mangpaat nu bisa dicokot tur diterapkeun ku masarakat pangrojongna, luyu jeung salasihiji fungsina pikeun ngaraketkeun ajén sosial, atikan jeung ajén budaya nu hadé, dibarengan ku étika jeung éstétika nu geus lumaku sacara turun-tumurun.

## **5.2. Saran**

Nalungtik upacara Sérén Taun anu aya di Cigugur Kuningan, karasa loba pisan mangpaatna, utamana bisa nambahan pangaweruh dina widang tradisi,

hususna tradisi nu aya di masarakat Sunda. Dumasar éta hal, tétéla geuning, ieu acara téh loba mangpaatna, boh pikeun masarakat Cigugurna sorangan, boh pikeun masarakat Sunda. Ku ayana ieu acara, mageuhkeun deui kana rasa sukur manusa ka Pangéranna, ogé bisa ngahirupkeun deui rasa toléransi anu kuat sangkan ngawujud karaharjaan hirup dina masarakat, ogé nimbulkeun deui sifat urang Sunda anu teu leupas tina rasa sabilulungan, tur rasa silih asah, asih, jeung silih asuh.

Sangkan mangpaat tina ieu upacara bisa karasa ku sakumna pihak, aya sababaraha saran pikeun kahadéan balaréa, anu hayang ditepikeun ku panyusun, diantara, nya éta:

1. Pikeun pihak lembaga pendidikan, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran mata kuliah Tradisi atawa Kajian Budaya Sunda, jeung mata kuliah Éstétika di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI Bandung. Sabab di jerona euyeub ku ajén-inajén éstétika, tur ajén-inajén pendidikan hususna ajén kabudayaan. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan téh bisa dipaké pikeun ngawanohkeun kabeungharan tradisi anu aya di kabupatén Kuningan.
2. Pikeun masarakat, upacara Sérén Taun salian ti mangrupa titinggal tradisi karuhun, ogé mibanda ajén positip, saperti ayana jenggléngan rasa sukur nu kudu diébréhkeun ku manusa salaku mahluk ciptaan-Na, ngabagikeun béas pikeun nu hak narimana (mangrupa sedekah), jeung ku ayana gawé bareng dina kaayaan kumaha waé, éta hal téh mangrupa tradisi urang Sunda nu sakuduna diriksa tur dimumulé.

*Wallahu a'lam bishshawab.*

